

Biwo Règ ak Estanda Travay (Office of Labor Policy & Standards, OLPS) nan DCA se yon vwa ki angaje li nan gouvènman Minisipalite vil la pou travayè yo. Ak yon responsablite pou ede travayè li fasil pou yo abize yo, OLPS akeyi manda nou pou konsantre sou bagay ki afekte imigran, moun ki pa blan, ak fanm nan travay la.

OLPS:

- **Aplike** lwa minisipal sou travay ki enpòtan.
- **Òganize** rechèch orijinal, sansibilizasyon, ak edikasyon.
- **Devlope** règleman ki adapte ak ekonomi ak mendèv Vil New York k ap chanje a.



Depatman Afè Konsomatè NYC (NYC Department of Consumer Affairs, DCA) pwoteje epi amelyore lavi ekonomik toulejou Nouyòkè pou kreye kominote kap devlope. Atravè travay Biwo Règleman ak Estanda Travay nou an, DCA ede fanmi k ap travay yo vin otònòm kote li ofri yo zouti ak resous yo bezwen pou yo kapab reyalize endepandans finansyè ak ekilib ant travay ak vi pèsònèl yo.

## Resous

### Egzanp Kontra

DCA te kreye modèl kontra ki konfòme ak lwa a moun k ap anboche travayè ak travayè endepandan yo kapab gade. *Tanpri ale sou [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca).*

### Asirans Sante Bon Mache

Administrasyon Resous Imèn NYC a kapab ede ou jwenn asirans sante ak swen selon bezwen ak bidjè ou. *Rele 311, vizite [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) pou jwenn yon Konseye Aplikasyon Sètifye Depatman Sante a pou jwenn èd gratis fas-a-fas, oswa vizite sitwèb NY State of Health la nan [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov).*

### Asistans Piblik

ACCESS NYC se yon sèvis gratis ki ede ou konnen si ou kalifye pou plis pase 30 pwogram avantaj Minisipal, eta, ak federal. Ou kapab aplike pou sèten pwogram sou entènèt nan ACCESS NYC. *Vizite [nyc.gov/accessnyc](http://nyc.gov/accessnyc) oswa rele 311 pou jwenn enfòmasyon sou ACCESS NYC.*

### Konsèy Sou Finans Gratis

Sant Otonomi Finansyè NYC yo ofri konsèy pwofesyonèl sou zafè finans gratis, youn-a-youn. Sèvis la konfidansyèl, epi konseye pwofesyonèl yo pale plizyè lang. *Rele 311 pou pwograme yon randevou oswa vizite [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca).*

### Preparasyon Taks Gratis

Ou kapab kalifye pou sèvis Preparasyon Taks Gratis NYC a, ki gen deklarasyon sou entènèt ak fas-a-fas ak yon benevòl VITA/TCE IRS sètifye pou ede ou prepare li. *Rele 311 oswa vizite [nyc.gov/taxprep](http://nyc.gov/taxprep) pou jwenn plis enfòmasyon.*

### Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon

Minisipalite vil la ofri èd gratis pou moun k ap chèche travay yo. *Vizite [nyc.gov/workforce1](http://nyc.gov/workforce1) oswa rele 311 epi mande pou ede ou jwenn yon Sant Karyè Workforce1.*

### Asistans ak Imigrasyon

ActionNYC ofri konsiltasyon legal sou imigrasyon san danje, gratis, nan kominote ou, nan pwòp lang ou. *Vizite [nyc.gov/actionnyc](http://nyc.gov/actionnyc) oswa rele 311 epi di "ActionNYC."*

### Klas Angle

Nou kreye Pwogram Lang Angle nan Depatman Lajènès ak Devlopman Kominote a pou ede nouvo Rezidan New York yo aprann angle. *Vizite [nyc.gov/dycd](http://nyc.gov/dycd) pou jwenn plis enfòmasyon.*



# N ap Pwoteje Travayè Endepandan Vil New York yo

## Yon Apèsi sou Dwa ak Resous yo

Kreyòl Ayisyen | Haitian Creole

**NYC** Consumer Affairs  
Office of the Mayor  
Lorelei Salas  
Commissioner

Si ou se yon travayè endepandan nan Vil New York, ou gen dwa jiridik ak yon resous Minisipalite vil la ki la pou kesyon ak plent ki konsène zafè travay: Biwo Règleman ak Estanda Travay nan Depatman Afè Konsomatè (Department of Consumer Affairs, DCA).

DCA te kreye apèsi sa a pou enfòmè ou sou dwa ak resous enpòtan ki genyen.

Pou plis enfòmasyon, **rele 311** epi mande pou “Freelance Workers” oswa ale sou [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca)

## Kimoun Lwa a Kouvri?

Anba lwa Travay Endepandan pa Gratis la (Freelance Isn't Free Act), ki te antre anvigè 15 me, 2017 yon **travayè endepandan** se nenpòt moun ou anboche oswa pran pou travay kòm yon kontraktè endepandan pou ba ou sèvis w ap peye li pou fè.

Travayè endepandan yo kapab travay nan diferan sektè. Kèk nan sektè ki plis itilize travayè endepandan gen ladan yo:

- fim ak videyo
- konsepsyon grafik ak sitwèb
- kontra ak reparasyon kay
- medya
- fotografi
- tradiksyon

### Eksepsyon:

Sèten reprezantan lavant, avoka, ak pwofesyonèl medikal ki gen lisans pa fè pati definisyon travayè endepandan an.

Jeneralman lwa a pa t ap aplike pou travay yo fè nan yon kontra negosyasyon kolektif ki defini travayè yo kòm anplwaye.

Si ou se yon “kontraktè endepandan” oswa yon “anplwaye” depann selon plizyè faktè ak nati aranjman travay la. Tanpri ale sou sitwèb [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca) pou resous pou ede w konprann si ou gen bon klasifikasyon travay la. Ou ka kontakte DCA nan [freelancer@dca.nyc.gov](mailto:freelancer@dca.nyc.gov) tou si ou gen kesyon konsènan klasifikasyon ou kòm yon travayè endepandan oswa anplwaye.

Yon **moun k ap anboche** se nenpòt moun exepete yon ajans gouvènman, ki bay yon travayè endepandan travay.

## Dwa ou yo

**Ou gen dwa kèlkeswa sityasyon ou ak imigrasyon.**

### Kontra Ekri

Tout kontra ki vo \$800 oswa plis dwe fèt alekri. Sa a gen ladan tout akò ant ou menm ak moun ki anboche ou a ki totalize a \$800 nan nenpòt peryòd 120 jou. Kontra ekri yo dwe detaye travay ou gen pou fè a; konbyen w ap touche pou travay la; ak dat w ap touche a. Ou menm ak moun ki anboche ou a dwe kenbe yon kopi nenpòt kontra ki ekri.



### Peye Alè




Moun ki anboche ou a dwe peye ou pou tout travay ou fin fè. Ou dwe touche nan dat ki sou kontra a oswa avan sa a. Si kontra a pa gen yon dat peman ladan, moun ki anboche ou a dwe peye ou nan lespas 30 jou apre ou fini ak travay la.

### Yo pa ka Pran Vanjans

Li ilegal pou yon moun w ap travay pou li penalize, menase, oswa mete ou nan yon lis nwa paske ou te egzèse dwa ou.




### Yo pa ka fè Diskriminasyon Kont ou



Lwa Dwa Moun Vil New York (NYC Human Rights Law) pwoteje Rezidan New York yo kont tout kalite diskriminasyon. Si yo fè diskriminasyon kont ou, rele *Liy Enfòmasyon Komisyon Pou Dwa Moun Vil New York* nan 311.

### Dwa pou Depoze yon Plent

Ou ka depose yon plent avèk Biwo Règleman ak Estanda DCA a. DCA pral di moun ki anboche ou a li dwe reponn plent la nan lespas 20 jou. DCA pral bay enfòmasyon pou ede ou jwenn yon avoka, konprann demach tribinal yo, ak plis toujou. *Telechaje fòm plent la nan [nyc.gov/dca](http://nyc.gov/dca) oswa rele 311. Si w gen kesyon, voye yon imèl bay [freelancer@dca.nyc.gov](mailto:freelancer@dca.nyc.gov).*



### Dwa pou Mennen Devan Lajistis

Ou kapab mennen moun k ap anboche a nan tribinal pou fè reklamasyon. Si ou pa touche alè pou travay ou, ou gen yon dwa pou touche de (2) fwa sa yo pa te peye ou a, dedomaje ou pou vanjans, ak peye frè ak depans avoka ou.

